

RINGKESAN

Anwar Hidayat. 2020. Analisis anatomi Tangkal Tutuwuhan Ki Urat (*Plantago major L*) Dumasar kana Béda Luhur Tempat. Diasuh ku Dr. Yusuf Ibrahim, M.Pd., MP sareng Drs. Suhara, M.Pd.

*Tutuwuhan Ki urat (*Plantago major L*) mangrupikeun tutuwuhan dikotil anu hirupna kosmopolitan, tutuwuhan ki urat tiasa hirup di daérah basisir nepi ka daérah pagunungan kalayan luhurna 3300 mdpl. Sahingga nyebabkeun ayana béda anatomi tangkal ki urat. Bédana anatomi ieu kusabab ayana adaptasi tutuwuhan kana lingkungan sareng iklim mikro di unggal tempat anu béda. Penelitian ieu dilakukeun di sababaraha tempat anu bénten luhurna, nyaéta Désa Sawahkulon, Kacamatan Pasawahan, Purwakarta (200 mdpl), Jl. Kaptén Halim, Taringgul Tengah, Wanayasa, Purwakarta (400 mdpl), Rancamanyar, Baleendah, Kacamatan Baleendah, Bandung (600 mdpl), Jl. Bukit Dago, Dago, Kacamatan Coblong, Kota Bandung (800 mdpl), sareng Jl. Punclut, Ciumbuleuit, Kacamatan Cidadap, Kota Bandung (1000 mdpl). Panalitian ieu tujuanna pikeun nangtukeun parobahan dina panjang sareng lebar sel anatomi tangkal ki urat dina béda luhurna tempat, sareng ngabandingkeunana. Panalitian ieu ngagunakeun padika déskriptif sareng téhnik penelitian purposive sampling anu dilaksanakeun dina unggal tempat. Parameter anu diukur dina penelitian ieu nyaeta ngan panjang sél sareng lebar sél dina unggal jaringan anu nyusun tangkal ki urat sapertos epidermis, korteks, floem, kambium, xilem, sareng empulur. Hasil penelitian nenjokeun yén panjang sareng lebar sél anatomi tangkal ki urat dina épidermis, korteks, floem, kambium, xilem sareng empulur nyaeta béda-béda dina unggal tempat. Beda nyata ogé dipidangkeun ku hasil analisis statistik, anu nenjokeun yenluhurna tempat pangaruh kana ukuran panjang sareng lebar anatomi tangkal tutuwuhan ki urat.*

Konci: *Anatomi, Tutuwuhan Ki Urat (*Plantago major L*), Luhurna Tempat*